

TITLE 1 LEKÒL-PARAN KONTRA ANE ESKOLÈ 2022-2023

Lekòl ak Paran yo ap travay ansanm, men nan men, pou siksè edikasyon dakò pou:

Non timoun nan

Bent Tree Elementary LEKÒL PRAL:	PARAN/GADYEN PRAL:
<ul style="list-style-type: none"> • Òganize yon Reyinyon Title I Anyèl pou Paran pou enfòmasyon ak fanmi elèv yo ki nan pwogram Title I nan sou dwa yo genyen pou yo patisipe. • Ofri reyinyon nan le ki fleksib, bay aksè, akomodasyon ak sèvis tradiksyon pou paran yo, si yo bezwen. • Enplike paran yo aktivman nan planifikasyon, revizyon, ak amelyorasyon Pwogram Title I nan ak “School-level Parent and Family Engagement Plan (PFEP)” (Plan Angajman Paran ak Fanmi yo nan Nivo Lekòl la). • Bay yon kourikoulòm de kalite siperyè ak yon ansèyman nan yon anviwònman aprantisaj efikas ki pèmèt timoun k ap patisipe yo satisfè nòm ofisyèl reyisit akademik elèv yo nan Eta a. Y ap bay yon kourikoulòm kalite siperyè ak enstriksyon an nan jan sa a: Lekòl la pral suiv Kourikoulòm ki baze sou kompetans ki gen rapò ak estanda Florida Sunshine State. • Òganize konferans paran-pwofesè, omwen chak ane, kote kontra sa a pral diskite etandone li gen rapò ak reyisit endividyèl elèv timoun nan (Klas K-5 sèlman). Y on deskripsyon sou ki jan ak ki le konferans yo ka fèt: Open House ap fè 14 septièm 2022 a 6:00 pm. • Bay paran yo rapò souvan sou pwogrè pitit yo. Lekòl la ap bay rapò yo jan sa a: a. [Dat (yo) ak le (yo)]: Rapò sou pwogrè yo pral distribiye jan sa a: 23/09/2022, 02/12/2022, 17/02/2023, 12/05/2023. Kantè yo pral distribiye jan sa a: 11/04/2022, 02/03/2023, 04/21/2023, 06/23/2023. • Bay paran yo aksè rezonab ak anplwaye yo. Anplwaye yo dwe disponib pou kominike ak paran yo jan sa a: Paran yo ka mande yon konferans pou rankontre ak pwofesè pitit yo oswa manm pèsonel ki asosye yo nenpòt ki le • Bay paran yo opòtinite pou yo fè volontè, patisipe ak obsève aktivite salklas pitit yo. Yon deskripsyon sou ki kalite opòtinite yo bay paran yo ka fèt nan jan sa a: Lè distri a apwouve yon aplikasyon volontè, paran yo ka patisipe nan aktivite lekòl yo 	<p>Dekri fason paran yo ak fanmi elèv yo nan Bent Tree Elementary pral sipòte aprantisaj pitit yo, tankou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kontwòle prezans timoun nan lekòl, aprantisaj lakay li, ak gade televizyon. • Vin patisipe nan devlope, mete ann aplikasyon, evalue, ak revize nivo ‘PFEP’ nan lekòl la. • Ankouraje itilizasyon aktivite pozitif nan tan lib timoun nan. • Pataje responsablite ak lekòl la pou amelyore siksè akademik timoun nan. • Kominike avèk pwofesè timoun nan sou pwogrè edikasyon li ak bezwen li yo. • Patisipe, lè li apwopriye, nan desizyon ki gen rapò ak edikasyon timoun nan. • Rete enfòm sou edikasyon timoun nan, li epi reponn tout nòt lekòl la oswa Distri lekòl la. • Fè volontè nan lekòl la. • Sèvi nan gwoup konsiltatif tankou vin yon reprezantan Title I lekòl ak paran nan youn oswa plizyè komite, konsèy konsiltatif, elatriye. • Bay lekòl la enfòmasyon ki resan sou kontak paran/gadyen ak enfòmasyon sou transpòtasyon elèv la.

REMAK: Pati nan lèt fonsè yo mande plis enfòmasyon.

Tanpri sonje lekòl yo, an kolaborasyon ak paran/fanmi ak elèv, yo ankouraje pou yo adisyonèl lòt aktivite ak aksyon apwopriye ki gen rapò ak bezwen espesifik lekòl yo, k ap sipòte angajman paran ak fanmi yo pou ranfòse siksè akademik elèv yo.